ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МОЙНАҚ РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ МЎЙНОҚ ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ

№ 05/354 «06» май 2021 ж.й.

2021-жылда Мойнақ мәмлекетлик тоғай хожалығына қараслы тоғай фонды жерлеринде өрт қәўипсизлигиниң алдын алыў ҳәм оларға қарсы гүресиўди күшейиттириў илажлары ҳаққында

Мойнақ районында экологиялық орталықты жақсылаў ҳәм тоғайларды көбейтиў ушын өрттиң алдын алыў, оған қарсы гүресиўди күшейтиў мақсетинде, Өзбекстан Республикасының 2018-жыл 16-апрель күнги «Тоғай ҳаққында»ғы 475-санлы Нызамының 15, 17, 23, 34, 47 ҳәм 57-статьялары ҳәмде «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимияты ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы Нызамының 6-статьясына тийкар,

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Мойнақ мәмлекетлик тоғай ҳожалығының 2021-жыл 9-апрель күнги 90-санлы хаты орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Усы шешим нызамлы күшине кирген күннен баслап 2021-жыл 31-декабрге шекем Мойнақ Тоғай хожалығының тоғай фонды аймағында «Тоғайларда өрт қәўипсизлиги мәўсими» деп белгиленсин.

3. Район ҳәкиминиң орынбасарларына районлық мәмлекетлик тоғай хожалығы (Ф.Аўезов) менен биргеликте район аймағындағы халық жасаўшы пунктлеринде Өзбекстан Республикасының 2018-жыл 16-апрель күни жаңа баспада қабыл етилген «Тоғай ҳаққында»ғы ЎРҚ-475-санлы Нызамын кеңнен түсиндириў бойынша үгит нәсият жумысларын алып барыў тапсырылсын.

4. Мойнақ мәмлекетлик тоғай хожалығы (Ф.Аўезов)на:

тоғайларда өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде тоғайларды гүзетиўди күшейтиў ҳәм қадағалап барыў;

өрт қәўипсизлиги талапларының бузылыўының алдын алыў, тоғайлардың әҳмийети ҳаққында пуқаралар арасында кең түсиник жумысларын жүргизиў;

тоғайларда өртке қарсы жолларды таза услаўға айрықша итибар қаратыў;

тоғайларға кирер орынларға арнаўлы ескертиў белгилерин қойыў ҳәм ески белгилерди жаңалаў;

тоғай фонды майданларында тәбийий ҳәм техноген жағдайлардың алдын алыў, айрықша жағдайлар жүзеге келгенде тийисли жергиликли ҳәкимият уйымлары, районлық айрықша жағдайлар бөлими, ишки ислер бөлими ҳәм басқа жуўаплы кәрханалар менен биргеликте кешиктирип болмайтуғын илажлар ислеп шығып, олардың орынланыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

5. Аймақлардағы кәрхана, шөлкемлер басшыларына, дийқан ҳәм фермер хожалықлары баслықларына, усы аймақларда жасаўшы халыққа тоғайларда өртке қарсы ис-илажлар көриў, экологиялық орталықты жақсылаў бойынша жумысларды әмелге асырыў тапсырылсын.

6. Райондағы аўыл пуқаралар жыйынлары, фермер хожалықлары басшылары тоғай фонды жерлери менен шегараласқан атызлардың әтирапларын, жап ҳәм салмаларды тазалаў ўақтында өрт келип шығыўының алдын алыў мақсетинде, қуўраған шөплердиң жағып жиберилиўине жол қоймаў шараларын көриў тапсырылсын.

7. Усы шешим “Арал балықшысы” газетасында дағазалансын ҳәм ҳәкимликтиң рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

8. Мойнақ районы ҳәкиминиң 2020-жыл 22-июль күнги «Мойнақ мәмлекетлик тоғай хожалығына қараслы тоғай фонды жерлеринде өрт қәўипсизлигиниң алдын алыў ҳәм оларға қарсы гүресиўди күшейиттириў илажлары ҳаққында»ғы 07/328-санлы шешими (“Арал балықшысы” газетасының 2020-жыл 31-июль күнги 14-саны) өз күшин жойытқан деп есаплансын.

9. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасарлары Б.Уббиниязов, Р.Шербаев, А.Сахиев, районлық айрықша жағдайлар бөлими баслығы Т.Сатуллаев ҳәм районлық мәмлекетлик тоғай хожалығы директоры Ф.Аўезовқа жүклетилсин.

10. Бул шешим рәсмий түрде жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Мойнақ районы ҳәкими: **Е.Еденбаев.**